**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI' XALI'Q BILIMLENDIRIW MİNISTRLIGI**

No'kis q. A.Dosnazarov к. 62 u'y, tel: 8 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30,
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

14 - апрель 2021 j. 01-04/03-1864 - sanli

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығы Қ.Сариевтың атына, Қарақалпақстан Республикасы Қанлыкөл районы "JASLAR U'YI" жеке меншик кәрханасы баслығы Ж.Торежановтың 2021-жыл 5-апрель күни 1-санлы хаты менен Қанлыкөл районы "Қосжап" АПЖ аймағында жайласқан 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң эски бос турған имаратын "0" бахада бериўди сорап жазған мүрәжаты бойынша төмендигилерди мәлим етип билдиремиз.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2019-жыл 22-июль күнги "Улыўма орта билим бериў мектеплеринде билим сыпатын асырыў, улыўма орта билим бериў мектеплерин жаңа оқыў жылына таярлаў жумысларын алып барыў, кәсип-өнер колледжлериниң имәратларынан үнемли пайдаланыўды шөлкемлестириў ҳаққында"ғы 07-07/5-07-160-санлы тапсырмасына тийкар Қанлыкөл районы "Қосжап" АПЖ аймағында жайласқан 2004-жылы 435 оқыўшы орынға мөлшерленип қурылған "Аўыл хожалық кәсип-өнер колледжи" имәраты Қанлыкөл районы ҳәкиминиң 2019-жыл 26-июль күнги 1191/7-санлы шешими менен Халық билимлендириў бөлими балансына өткерилип, 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебине берилген.

Қанлыкөл районы "Қосжап" АПЖ аймағында жайласқан 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң 1993-жылы 844 оқыўшы орынға мөлшерленип қурылған эски бос турған имараты ҳәм жер майданлары бүгинги күнде Қанлыкөл районы ҳәкиминиң 2020-жыл 16-январь күнги 14/01-санлы шешими менен район ҳәкимлиги есабына өткерилген.

Жоқарыдағылардан келип шығып Сизге, Қанлыкөл районы "Қосжап" АПЖ аймағында жайласқан 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң 1993-жылы 844 оқыўшы орынға мөлшерленип қурылған эски бос турған имараты ҳәм жер майданлары бүгүнги күнде Қанлыкөл районы ҳәкимлиги балансында екенлигин мәлим етип билдиремиз.

***Қосымша 4 беттен ибарат.***

**Министр** **Р. Реимов**

Таярлаған: И.Балтабаев
Тел: (61) 222-95-13

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ҚАНЛЫКӨЛ РАЙОНЫ ҲӘКИМИ
ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
ҚОНЛИКЎЛ ТУМАНИ ҲОКИМИ
ҚАРОРИ

Қанлыкөл поселкасы | Қонликўл шахарчаси

№ 1191/7 "26" июль 2019жыл

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2019-жыл 22-июль "Улыўма орта билим бериў мектеплеринде билим сыпатын асырыў, улыўма орта билим бериў мектеплерин жаңа оқыў жылына таярлаў жумысларын алып барыў, кәсип-өнер колледжлериниң имаратларынан үнемли пайдаланыўды шөлкемлестириў ҳаққында"ғы 07-07/5-07-160-санлы хаты ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2019-жыл 16-июль күнги 07-07/5-07-160-санлы хаты тийкарында Өзбекстан Республикасының 1993-жыл 2-сентябрь күнги 913-XII "Жергиликли ҳәкимият ҳаққында" ғы Нызамның 6-статьясы ҳәм сондай-ақ "Билимлендириў ҳаққында" ғы Нызамның 27-статьясы тийкарында, Қанлыкөл районы ҳәкими

**ШЕШИМ ЕТЕДИ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2019-жыл 22-июль "Улыўма орта билим бериў мектеплеринде билим сыпатын асырыў, улыўма орта билим бериў мектеплерин жаңа оқыў жылына таярлаў жумысларын алып барыў, кәсип-өнер колледжлериниң имаратларынан үнемли пайдаланыўды шөлкемлестириў ҳаққында"ғы 07-07/5-07-160-санлы хаты орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2019-жыл 22-июль07/5-07-160-санлы хаты тийкар Қанлыкөл аўыл хожалық кәсип-өнер колледжи имараты районлық Халық билимлендириў бөлими балансына өткерилсин.

3. Қанлыкөл районы "Қосжап" аўыл пуқаралар жыйыны аймағында жайласқан Қанлыкөл аўыл хожалық кәсип-өнер колледжиниң имараты 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебине берилсин.

4. Районлық қаржы бөлими (У.Давлетов), районлық мәмлекетлик салық инспекциясы (Т.Аденбаев) ҳәм районлық статистика бөлими (М.Бекбаўлиев)не Қанлыкөл аўыл хожалық кәсип-өнер колледжиниң имараты 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебине берилиўи мүнәсибети менен билимлендириў мекемесиниң қаржы ҳәм статистикалық ҳүжжетлерине тийисли өзгерислер ҳәмде қосымша киргизиў, жаңа оқыў жылы ушын штатлар кестесин ҳәм кәрежетлер сметасын тастыйықлаў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. Районлық қаржы бөлими (У.Давлетов) ҳәм Халық билимлендириў бөлими (Т.Крыкбаев) үш күн мүддетте билимлендириў мекемесин жаңа оқыў жылына ҳәм гүз-қыс мәўсимине таярлаў бойынша әмелге асырылатуғын жумысларды ҳәм оларды қаржыландырыў бойынша район ҳәкимине усыныс киритиў тапсырылсын.

6. Районлық халық билимлендириў бөлими ( Т.Крыкбаев)не:

- тийисли исши топар дүзген ҳалда кәсип-өнер колледжинин, товар материаллық байлықлары, спорт әнжамлары ҳәм әсбап-үскенелерин толық хатлаўдан өткерип, 22-санлы улыўма орта билим бериў мектеби балансына алыў жумысларын шөлкемлестириў;
- 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң уставын қайта таярлаў ҳәм белгиленген тәртипте дизимнен өткериў;
- Қарақалпақстан Республикасы "Жермүлкадастр"мәмлекетлик кәрханасы МК Қанлыкөл районлық филиалы (Т.Раминов) менен биргеликте үш күн мүддет ишинде кадастр ҳүжжетлерин қайта ислеп шығыў;
- районлық өрт қәўипсизлиги бөлимшеси (С.Наўрызбаев) ҳәм Мәмлекетлик санитария-эпидемиология бақлаў орайы (Г.Нурымбетова) менен биргеликте 22-санлы улыўма орта билим бериў мектебин тийисли тәртипте хатлаўдан өткериў илажларын көриў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминин орынбасары Қ.Абдикаримовқа жүклетилсин.

Ҳәким Д.Толыбаев

KOSHIRME DURIS

| | |
|---|---|
| **ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАНЛЫКӨЛ РАЙОНЫ ҲӘКИМИ** | **ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚОНЛИКЎЛ ТУМАНИ ҲОКИМИ** |
| **Ш Е Ш И М И** | **Қ А Р О Р И** |
| Қанлыкөл посёлкасы | Қонликўл шаҳарчаси |
| № 19/01 | «16» январь 2019-жыл |

**Қанлыкөл районы «Қосжап» аўыл пуқаралар жыйыны аймағында жайласқан Қанлыкөл районы 22-санлы улыўма билим бериў мектебиниң ески бос турған имаратын Қанлыкөл районы ҳәкимлиги балансына өткериў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 6-сентябрьдеги «Профессионал билимлендириў системасын жәнеде жеделлестириўге қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы ПФ-5812-санлы Пәрманына тийкарланып Қанлыкөл районы «Аўыл хожалық кәсип-өнер колледжи» имараты Қанлыкөл районы халық билимлендириў бөлимине қараслы 22-санлы улыўма билим бериў мектеби имараты етип қайта шөлкемлестирилгенлигин инабатқа алып, Қанлыкөл районы ҳәкимлиги жанындағы жер майданларын ажыратыў, ийелик етиў, пайдаланыўға ҳәм ижәраға бериў мәселелерин көрип шығыў бойынша турақлы комиссиясының 2020-жыл 8-январь күнги актин, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 11-декабрьдеги 01-01/5-6008-санлы хатын ҳәм Қанлыкөл районы халық билимлендириў бөлиминиң 2020-жыл 8-январьдағы 01/5-01-санлы хатын көрип шығып,

**Ш Е Ш И М   Е Т Е М Е Н:**

1. Қанлыкөл районы ҳәкимлиги жанындағы жер майданларын ажыратыў, ийелик етиў, пайдаланыўға ҳәм ижәраға бериў мәселелерин көрип шығыў бойынша турақлы комиссиясының 2020-жыл 8-январь күнги акти, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 11-декабрьдеги 01-01/5-6008-санлы хаты ҳәм Қанлыкөл районы халық билимлендириў бөлиминиң 2020-жыл 8-январьдағы 01/5-01-санлы хаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Қанлыкөл районы «Қосжап» аўыл пуқаралар жыйыны аймағында жайласқан Қанлыкөл районы Халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма жер майданы 1,6 га., 3 қабаттан ибарат қурылыс асты майданы 1204,28 м.кв, 2 қабаттан ибарат қурылыс асты майданы 1268,82 м.кв, бир қабаттан ибарат қурылыс асты майданы 568,54 м.кв болған 22-санлы улыўма билим бериў мектеби ески бос турған ҳәм қурылыс асты майданы 65,1 м.кв болған ҳәжетхана имаратлары Қанлыкөл районы ҳәкимлиги балансына алынсын.

3. Қанлыкөл районы ҳәкиминиң орынбасары М.Мамбетрзаев, Қанлыкөл районы халық билимлендириў бөлими баслығы Т.Қрықбаев жоқарыдағы объектти бүгинги күнги жағдайында, белгиленген тәртипте алыс-берис ҳүжжетлери рәсмийлестирилсин.

4. Қарақалпақстан Республикасы жер дүзиў ҳәм көшпес мүлк кадастры мәмлекетлик кәрханасы Қанлыкөл районы филиалы (Т.Раминов)на жоқарыдағы объекттиң тийисли кадастр ҳүжжетлерин рәсмийлестириў тапсырылсын.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары А.Абдразаковқа жүклensин.

**Ҳәким** **Д.Толыбаев**

Kantselyariya

KOSHIRME DURIS